Ассаламу гIалайкум, казбекалъул жамагIат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 30 (9824) 5 август 2019 с. / Итни 4 Зуль-х1иджа 1440 с./ багъа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

# ХIинкъигьечIолъи чIезаби мурадалда…

24 июлалда районалъул администрациялда тIобитIана нухда хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул комиссиялъул иргадулаб данделъи. МР **«Казбек район»** муниципалияб гIуцIиялъул бетIер ХI.ХI. Мусаевасул заместитель З.Н.Эмеевасул бетIерлъиялда тIобитIараб гьеб тадбиралда бицен гьабуна цIалдохъаби автотранспорталъ раччиялъул, юкгун гIадамал раччулеб автотранспорталъул бетIергьабаз нухда хьвадиялъул къагIидаби хвезариялъул ва гьелда сверухъ гьабулеб хIалтIулъ ругел церетIеязулгун гIолел-гIоларел рахъазул.

Лъалеб букIахъе, нухда хьвадиялъул къагIидаби цIуниялда тIад (гьеб жидеде кколел) кигIан чIучIаданиги, гьелъ хIасил кьолеб гьечIо. Автотранспорталда рекIун хьвадуларев чи гьаб заманалда ватизе гьечIо. Нилъеда рихьула шоферзабаз транспорт хехлъиялда бачиналъул данде бачIунеб транспорталъул нухде гьел лъугьиналъул ва гIемерал цогидалги хIужаби, жидер хIасилалда, автоаварияби кколел, гIадамал холел ва лъукъа-къотIулел рукIин. Гьединазда бадичIвай нилъеца гьабуларо, гьабизе лъугьаниги, гьел, гьаби кинниги, тIадеги роргула.



ГьитIинаб къоялдаса нухда хьвадиялъул къагIидаби лъималазде малъулелги, гьеб цIунизе гьел тIамулелги ва нилъецаго цIунулелги гьечIони, ракIчIун абизе кIола, нухда хьвадиялъулъ гIадлу - низам киданиги букIине гьечIин. Биценаз, абияз,бадичIваяз гIадлу-низам чIезабулеб букIарабани, законалго хIажалъилароан. КъваригIун буго, законалда рекъон, нухда хьвадиялъул къагIидаби цIунизе тIамизе.

Лъай – кIвеялде, гIагарлъиялде, гьудул – гьалмагълъиялде гIадлу-низам билъанхъизабулел балагьулел ругони, рехсараб комиссияги нилъги рукIине руго бицунелго бицунел, квешаб рахъалдехун гьетIани гурони, лъикIаб рахъалдеги нилъ ккезе гьечIо.

Гьедин кин абилареб, араб соналъул 6 моцIалда жаниб ГАИялъул хIалтIухъабаз, нухда хьвадиялъул къагIидаби хвезариялда хурхун, 634 протокол хъван букIун батани,гьаб соналъ (гьебго 6 моцI) гьеб хъван буго 3534. Цоги сундул бицине кколеб?! Щивав гьелда тIад ургъизе кколеб заман щвечIодай?

*М.-Ш. ГIАБДУЛАШИМОВ.*

# Райадминистрациялда

30 июлалда райадминистрациялда тIобитIана аппаратальул иргадулаб данделъи. Гьенире гIахьаллъана- «Казбек район» муниципалияб гIуцIиялъул бетIер ХI.ХI. Мусаев, гьесул заместителал: И.И.Шабазов,И.Б. Салимханов, З.Н.Эмеев, учреждениябазе,организациябазе нухмалъулелгун жавабиял хIалтIухъаби ва росабазул администрациябазул бутIрул.





Данделъиялъул халгъабиялде росарал - **«2019 соналъул бащдаб лъагIалида жаниб райадминистрациялда цебе гIуцIараб терроризмалъул идеологиялде данде къеркьеялъул комиссиялъ гьабураб хIалтIул хIасил»**ва **«2020 соналъ нилъер улкаялда тIобитIизе бугеб Россиялъул халкъалъул хъвай-хъвай (перепись) гьабиялде бугеб хIадурлъи»** абурал суалазда тIасан докладалгун цере рахъана - И.Б. Салимханов ва И.И. Шабазов.

Гьеб данделъиялда, ВатIанияб рагъде аразул хIакъикъат лъазабиялъулъ бихьизабураб хIаракатчилъиялъухъ- ,Россиялъул Федерациялъул рагъулаб оборонаялъул Министерствоялъул рахъалдасан, **«Ралагьиялъул хIалтIухъ»** абурал медалал кьуна – М-апанди Дадаевасе (Дилим), Мухтар Чупалаевасе (Буртунай), Минсултан ХIажимурадовасе (Ленинаул), Хункарби МухIамадхIабибовасе(Гуни), Динуч Динаевасе ва Висангере Хаджиевасе (Калининаул).

Гьединго, ХIурматалъул грамотабаздалъун кIодо гьаруна- Икрамудин Салимханов, Маржанат Яндаева (Дилим),



Гьиримсултан Гьиримов ва Сулайман Сусланов (Калининаул).

*<u>26 июль-Дагъистаналъул Республикаялъул Конституциялъул Къо</u>*

# Байрам к1одо гьабуна

24-25 июлалда, ай, байрамалда цересел къояз, культураялъул Централда т1орит1ана Дагъистан Республикаялъул Конституциялъул Къо к1одо гьабиялда хурхарал тадбирал.



Культураялъул х1алт1ухъабазул х1аракаталдалъун т1орит1арал гьел тадбиразул цоялълун бук1ана- **«Хьул»** реабилитационнияб Централъулгун **«Релъедакунч1»** лъималазул ахалъул тарбиячаг1и, лъимал, гьезул умумул г1ахьал гьарураб тадбирги.

Тадбир г1уц1аразул мурадлъун бук1ана гьит1инаб къоялдаса лъималазулъ пачалихъиял байрамазде рокьи бижизаби, умумузул лъик1ал г1адатазул бич1ч1ен гьезие кьей ва халкъалъул культураялъул байбихьиялълулгун гьезул лъай-хъвай гьаби. Лъималаз гьенир ах1ана куч1дул, гьаруна кьурдаби.

Тадбир ахиралде щвана лъималазда мультфильм бихьизабиялдалъун ва гьел Гуни росулъа Багьавдин Дадаевасул ц1улал т1аг1алил музеялде рачиналдалъун.

*Асият ДИБИРОВА.*

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

# Турциялде бухьараб сапар

ЛъалебукIахъе, Турциялда яшав гьабун руго Северияб Кавказалъул гIезегIанго миллатал, гьезда гьоркьор - Дагъистаналъул бакI-бакIаздаса магIарулалги. БатIи-батIияб заманалда гьенире ккарал гьезул, гьай-гьай, къисматги букIана гьединабго. Кин ва щиб ккун батаниги, гьезда кIочон течIо гIагараб Дагъистан, ва умумузул мацI гIадатал. Гьедин букIиналъе нугIлъи гьабула гьениса гIадамазул нилъергун ругел бухьеназ ва тIоритIулел дандчIваяз, ва къойидаса къойиде гьел гIемерлъулелги щулалъулелги рук1иналъ.

Гьединал дандчIваязул цояблъун букIана гьаб соналъул июлалда букIараб дандчIвайги. Гьеб дандчIвай тIобитIиялъе гIиллалъун букIана Имам Шамиль гьавуралдаса 222 сон тIубай. Щибаб санайил кIодо гьабула Турциялда ругел нилъер гIадамаз гьев гьавураб къо ва, гьелда хурхун, тIоритIула батIи - батIиял тадбирал. Исана тIобитIулеб гьеб тадбиралда гIахьаллъизе рес щвана нилъер районалдаса 8-10 классазул цоцо цIалдохъабазе.

Гьел ккола- Зурамо росулъа Къарланюрт станциялда яшав гьабун вугев Зах1маталъул ветеран гьаб макъалаялъул автор М-расул Расулов, Шамиль ГIалханов (Дилим росу,9-аб. кл.), Шамиль ГIумархIажиев (Калининаул, 9 кл.), Адам Арсамирзаев (Ленинаул, №1 школа,8кл.), Сабир Алтумирзаев (Ленинаул, №2 школа,10 кл.) ва ХIабибула Салимсултанов (МахIачхъала,школа-интернат,8 кл.).

Гьаниб суал баккизе бегьула: **«Рехсаразе нухмалъи гьабизе Къарланюрталда вугев диде ирга кинан щвараб»,**-ан. ЦIаруе бицунеб гуро,Турциялда ругел магIарулазулгун дир букIана цебегосеб бухьен, дун гьел гIадамалгун гIемер дандчIвана, гьединго, дица лъазабуна мацIги. Гьелъ батила, лъималазул делегациялъе нухмалъи гьаби дида тIад базабураб.

Турциялде инелде дица мухIканлъи гьабуна гьенире ине ругел лъималазул сияхIалъул,цо чанго нухалда дандчIвана гьелгун ва гьезул умумулгун,хIадурана хIажатал документал.

Гьедин 4-аб.июлалда нижер самолет рещтIана Стамбулалда. Аэродромалда нижехъ балагьун чIун ругоан Шигьабудин Озден ва гьесул шофер Аюп. КIиго сагIаталдасан ниж щвана Ялово шагьаралде. Гьениб нижее дандчIвай гьабуна- МухIамад Эркиница,ГIали Аварканица,Фахрудин Атаманица, ГIали Буюкица ва вацал: Гъидаятицагун Мустафаца. КIудияб ва жавабияб делегациягун дандчIвалел кинниги, гьел рихьараб заманалда,ниж риххун хутIана. Нижее кваназе ва хIухьбахъиялъе чIезарурал шартIал рукIана цIакъ тIадегIанаб даражаялда.

5-аб. июлалда ниж рачана магIарулаз яшав гьабурал- Чифлиткой, Султание,Эсадие ва Гунейкой росабалъе. Гьел росабалъ ругоан—Хунзахъа,Гъуниса, МелъелтIаса,ЧIикIаса,Хубаралдаса,Миякьоса ва гь.ц. росабалъа гIадамазул наслаби. Жидерго нек1сияб ВатIанги,гьелъул гIадамал рихьизе гьезул букIараб анищги!

Гьел **«гIорцIулел»** рукIинчIо магIарул мацIалда нижгун кIалъазе щвеялдаса. Хехго ккана бакIалъул лъималазулгун нилъер лъималазул гьудуллъи. Гьазулги гьира букIана гьанже нилъераз гьенир хIалтIизарулел гIадатал лъазе.

7 июлалда Гюней росулъ тIобитIана Имам Шамилие 220 сон тIубайда хурхараб мажлис. КIалъаяздаса хадуб, гьениб тIобитIана мавлид гьабуна садакъа. Гьеб тадбиралда гIахьаллъана Ялово вилаяталъул губернатор Маамер Эролгун шагьаралъе нухмалъулел.

Гьединго, гьениб тIобитIана МухIамад Къебедовасул (Гъуниб район,Къорода росу) **«Апаргазаби»** абураб тIехьалъул презентацияги. Мажлисалда гIахьаллъана Стамбулалде практикаялъ рачIарал ДГУялъул студенталги.

8 июлалда ниж щвана Стамбулалдегун Бурса( Турциялъул цебесеб тахшагьар) шагьаразде. Гьениб нижеца хал гьабуна тарихиял бакIазул ва ана зияраталъ ( Шамиль Имамасул наиб МухIамадамин ва Миякьоса гIалимчи ГIумархIажи рукъарал бакIазде).

13 июлалда Ялово шагьаралда тIобитIана Северияб Кавказалъул халкъалдагьоркьосеб фольклоралъул фестиваль.Фестивалалъул хIурматиял гьалбаллъун рукIана-гьеб вилаяталъул губернатор, шагьаралъул мэр, Россиялъул посольствоялъул вакилги. ГIадамаз цIакъ лъикI къабул гьаруна Хасавюрталъул **«Дагъистаналъул гIолохъанлъи»** кьурдул ансамблялъул церерахъинал.

Хадусан ниж росабалъе гьоболлъухъе ахIана. Гьенир ккарал дандчIваяздасан бичIчIунеб букIана бакIалъул гIадамазе гьез гьабулеб бугеб рохалилаб асар. Гьенир нижеца цIалана Р.ХIамзатовас, М.Гунашевас, П.Гереевалъ имамасде рахъарал кучIдул, гьаруна цадахъал кьурдаби,ахIана магIарулазул гимн ва рахъана суратал.

Гьел дандчIваял ( кIиябго рахъалъе) лъугьана киданиги ракIалдаса унареллъун. ТIадтIадруссун,бакIалъул гIадамаз ниж цIидасан гьоболлъухъ ахIулел рукIана. 16 июлалда ниж тIадруссана сапаралдаса.





● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

25 июлалда, нилъер районалъул администрациялъул ва **«Чапар»** газеталъул редакциялъул хIаракаталдалъун, культуралъул Централда тIобитIана нижгун дандчIвай. Гьенире гIахьаллъана-лъималазул умумул, жамгIиял гIуцIабазе нухмалъулел ва цогидалги жавабиял х1алт1ухъаби. Гьениб нижеца ва лъималаз дандельаразе бицана сапаралда бихьа - тараб. Гьеб данделъиялда ниж к1одо гьаруна администрациялъул къиматал сайгъатаздалъун ва х1урматалъул грамотабаздалъун. Т1олазго цадахъ ах1ана маг1арул гимн ва рахъана суратал.

*М-расул РАСУЛОВ,*
*Къарланюрт станция.*

# *Къваридал къоязул ракIалдещвеял...*

**Эльмирза Бекмирзаевас бицана:**

- Инсанасда лъазе кIоларо жакъа щиб бихьилебали ва метерисеб къо кинаб бачIинебали. Гьеб лъазе ресги гьечIо. Доб букIана 1997 соналъул 22 декабрь, радал гIуж.

Алмахъалдаса Хасавюрталде хьвадулеб автобусалда унездаги щибго квешаб ккелин ракIалда букIинчIо.

Цоял хабаразда цогиял чIумал рехулел рукIана. Гьезул рекIелъе хIинкъи лъугьана, Буртунай росдал ахада бугеб хабалалъан яргъидгIуцIарал, тохлъукьего, данде рачIарал заманалда.

ГьебсагIат дица автобус чIезабуна. Данде лъугьараз, хъачIабго буюрухъалдалъун, автобус чIобого гьабеян лъазабуна ва гьезул к1игояв жаниве лъугьана. Автобус бакизе к1веч1еб мехалъ, цояв гъачагъас дида автомат кьабизехъин бук1ана, цогияс- гьев живго автобус бачине тейилан абуна. Гьединаб заманалда бищун зах1матаб иш бук1ун буго г1агарлъиялъул г1адамал цадахъ рук1ин.

Дида цадахъ рук1анаэбел,к1иго вас ва яцалъул гьит1инав вас. Дун автобусалъуве вахиндал, дир кIудияв вас гъачагъасде тIаде вортана, гьеб букIана дун ц1унизелъун т1амураб гали. Бихьулеб букIана гъачагъазул я лъимералде,я руччабазде рахIму букIине гьечIеблъи…

Гьединаб заманалда гьабизе кIолеб щибго букIунаро. Автобус ана ва нижеда бихьана магIарухъан бачIунеб «Камаз» машина гъачагъаз чIезабулеб, шоферги къватIиве рехун, гьелдеги рахун гьел ана. Дилималдасахун тIаде бачIана гъачагъазул цIураб цоги **«Камаз»**гун гьитIинаб машинаги. Машинаялъув вугоан цо милициялъул хIалтIухъан. Гьев асирлъун вачунев вук1ун вуго. БичIчIунареб мацIалъ кIалъалаго, гьез милициялъул форма къват1ибе рехана. Гьеб бук1ун буго гьез жидецаго нухда чIварав милиционерасул.

Районалдасан кIалъан рук1ун руго гъачагъал Алмахъалдасан ине бегьулилан. Гьеб хабар раг1арал алмахъал ц1одорлъиялъул тадбирал гьаризе лъугьуна. Росулъе щведал гъачагъаз трактор т1алаб гьабула. Тунка-х1уси ккунгут1и мурадалда, вацал – трактористал Рашид ва Зайнодин цере рахъуна.

БитIараб бицани, **«Барзу»** участокалда ккараб лъугьабахъин дие ракIалде щвезабизецин бокьуларо, доре ракIарун рукIана г1езег1анго г1адамал.

Дица ва дида цадахъ рукIараз гъачагъазде абулеб бук1ана нужеде кьвагьизе гьечIин, нужецаги кьвагьугеян, амма гьел нижеда божулел рук1инч1о.

Циндаго, **«милиция!»**- янги ах1ун, гъачагъаз кьвагьизе байбихьана, гьездеги кьвагьулеб букIана.

Гьенир цо чанго рагъухъан ва Калининаулалдаса г1олохъаби лъукъана,цояв Аллагьасул къадаралдеги щвана.

Гьеб бихьич1езда бичIунин абуралда дун божуларо. Бихьугеги нилъеда гьединаб киданиги.

*Наида РАСУЛОВА,*
*Алмахъ росу.*

*Росдал тарих*

# «Эски Буртунай-юртлар»

**«Чапар»** газеталда (№25, 1 июль 2019 сон) дица бицен гьабун букIана, тарихчагIазул баяназда рекъон, Чачан Республикаялъул Герзели росдал Югалъулаб рахъалдаги букIун бугин буртабазул росу ва гьелда абулаанин **«Эски-Буртунай-Юртлар»,**-ан.

Дагьалъ цеве дун щвана Герзели росулъе. ЦIехана гьенир ратарал чIахIиял гIадамазда бугищ гьезда гьеб росдал хIакъалъулъ лъалеб щибнигиян. ТIубараб жаваб дие щвечIо.

Цо гьалмагъас абуна гьеб дуца бицен гьабулеб мухъалда гьитIинабго хабал-агьлу букIанин. Гьанже гьениб цо чачанас автопарк рагьунги бугин.

Ножаюрт росдал басрияб хабалалъ ругоан церегосел занал, амма гьезда щибниги хъван гьечIоан. Гьединлъидал, чIахIиял чагIазул биценалда рекъон, 1949 -1957 соназ Ножаюрт росулъ яшавун рукIарал буртабаздасан кколел руго-Гъизилюрталда яшавун вукIарав ХIайбулаев Халидинил эбел-лъималги, Хъараласул СагIидбегги, гьесул яц СухIуги, Дондолалги.

**«Дун вукIана гьитIинав, 12-13 сон барав чи. Цо нухалда Калининаулалдасан Зандакъиреги ун, гьенисан дунги Мочокъил ГIалил Амиги щвана Ножаюрталде. Гьениб Хъараласул СагIидбегил доба бана сордоги»,- ян-** бицана ХIамзаюрталдаса Эльмирзал Насирдиница.

Гьеб х1ужаялъги нилъее бицуна дол цересел соназ Ножаюрталдаги буртабазул 2-3 тухум букIараблъи. Гьел руго 1920-1956 сонал.

Гьанже рачIинин цогидаб тарихияб лъугьа-бахъиналде. Дагьал церегIан къояз Калининаул росулъ бугеб басмаханаялъ къватIибе биччараб «Историческое прошлое Новолакского района и селений Алмак, Ленинаул и Калининаул Казбековского района»абураб гьитIинабго тIехьалда хъвалеб буго Россиялъул Федерациялъул Дагъистаналда бугеб гIелмияб Централъул тарихазулгун археологиялъул ва этнографиялъул институталъул директор Мусаев МахIач ГIабдулаевичасухъе, 2019 соналъул 30 январалда, Пачалихъияб Думаялъул депутат СафаргIалиев Гаджимет Керимовичас битIараб кагътие жаваблъун тарихиял гIелмабазул кандидат, гIелмияб институталъул хIалтIухъан ХIапизов Шахбан МухIамадовичас кьураб справка.

Гьеб справкаялда ХIапизовас хъвалеб буго: **«16-17 гIасрабаз чIобого хутIараб гьанжесеб Ленинаул бугеб бакIалде рачIуна гIадамал,гьенир ругел беэнал ракьал хIалтIизаризе,гьедин, гьениб Буртунай росулъа магIарулаз кьучI лъола цIияб росдае.**

**Буртаби гьенир рукIун руго 1730 соналде щвезегIан. Хадур гьел гочун руго дагьал дорегIан, Северияб рахъалде ва гьеб бакIалде Буртунилан цIарги лъун буго. (Гьанжесеб Бурсум).**

**Къоабилеб гIасруялда гьанжесеб Ленинаул бугеб бакIалде гочун ругин гIавухъал (Ахъинцал)**»,-ан.

***М.ГI. ЧУПАЛАЕВ.***

*Ополчениялъе - 20 сон*

# Дилим росдал ополченцазул отряд г1уц1аралдаса 20 сон



Дагъистаналде боевикал рач1иналде абула **«Дагъистаналъул рагъ»,** -анги, х1акъикъаталдаги, гьеб рик1к1уна к1иабилеб чачаназул рагъалъул байбихьилъун.

Шамиль Басаевасул ва Хаттабил нухмалъиялда, гъача гъазул къокъаби, 1999 соналъул 7 августалдаса 14 сентябралде щвезег1ан, Дагъистаналъул ракьалде лъугьана.

Байбихьуда гъачагъал лъу гьана Болъихъ районалде, хадусан- Ц1ияб Лак районалде.

Федералиял аскаралгун цадахъ, гьезде дандеч1еялъе рахъана ч1ах1иялгун г1исинал бихьинал ва руччаби.

Доб заманалда бук1араб Халкъияб фронталъул кьуч1алда ва гьаб макъалаялъул авторасул предложениялда рекъон, Дилималда г1уц1ана ополченцазул отряд ва гьелъул штабалъул начальниклъун т1амуна Мусашайих Г1азаев.

**«Сельхозтехника»** г1уц1и бук1аралъуб ах1улаан гьеб штабалъул данделъаби.

Гьенир штабалъул начальникасул заместительзабилъун рищана – И.Р.Идрисов ва Т1.И. Салаев.

Ополчениялъул штаб бук1ана цебесеб спортшколалда. Хасаб графикалда рекъон, ополченцаз ц1униялде росана школал, лъималазул ахал, больница ва цогидалги к1вар бугел учреждениябигун организацияби.

Дилим росдал ополченцазул къадар 2000-ялдасаги ц1ик1к1ун бук1ана.

Ополченцаз гьабураб х1алт1и гьаниб рехсон божаруларо.

Ополченцазул бах1арчилъи бат1аго ц1акъ загьирлъана 1999 соналъул 7 августалда, Болъихъе боевикал к1анц1араб заманалда. Гьенире кумекалъе щваразул т1оцереселлъун гьел рук1ана.

Гьелъул х1акъалъулъ г1емер хъвана республикаялъул ва районалъул газетазда, бицана телевидениялдасан.

Болъихъе цо къадар ополченцазул унилан, тохго ч1еч1о росулъ хут1арал ополченцалги.

Къокъаб заманалда г1олохъабаздасан г1уц1ана рагъул къо къаби, бахъана росдал карта, рихьизаруна ц1униялде росизе кколел объектал. Гьезул къадар бахана 41-ялде.

Гьеб х1алт1уе жигараб нухмалъи гьабуна милициялъул подполковник, х1алуцинал ц1ик1к1арал г1емерал бак1азда г1ахьаллъи гьабурав Ошокоев Пайзулаца.

Гьебго заманалда г1уц1ана 100 чиясдасан рота. Гьелъул командирлъун т1амуна Абут1алиб Мух1амадов. (Гьев мустах1икълъана Дагъистан Республикаялъул пачалихъияб Советалъул Х1урматалъул грамотаялъе).

Гьединго, штабалда г1уц1ана - гьенибго ч1араб, х1ажалъи ккедал бахъине х1адураб, хасаб отряд. Гьелъие нухмалъи гьабизе т1адкъана Ибрагьим Булатхановасда.

Отрядалъул щивав чияс, т1адег1анаб даражаялда, т1убазабуна жинда гьабураб божилъи. Гьеб заманалда Пачалихъияб Советалъул Председатель М.М. Мух1амадовасул халкъалде хит1аб бук1ана, цо бугеб г1ака бичунги, нужго ц1унизе ярагъ босеян.

Гьелдаго цадахъ, районалъул ветераназул Советалъул президиумалъ хит1аб гьабуна учреждениябазул, организациябазул нухмалъулезде росу ц1униялъе рагьараб фондалъе г1арац биччазе ресал ратеян.

Гьеб ишалъулъ г1ахьаллъана росдал киналниги идараби, щивав чи, пенсионерал.

Гьеб зах1матаб заманалда бищунго бак1аб гьир баччана районалъул администрациялъул бет1ерлъун вук1арав Г1.М.Г1азаевас.

Гьесда бажарана, жиндирго г1агарлъиялдасан байбихьун, росабазул жамаг1атал гъачагъазде данде цолъизаризе. Жиндирго цо к1алъаялда гьес абуна: ***«Нилъер рук1ине гьеч1о росаби тун арал. Нилъее ничаблъун бук1ине ккола нилъер херал, лъимал, ва руччаби г1агараб районалдаса нахъе ин, гьел кирениги инеги гьеч1о»,*** -ян.

Районалъул г1адамазе мисаллъун гьев вук1ана.

Релъеда-къадги, гьава-бакъалъулъ балагьич1ого, , макьу тун, ц1унана нилъер районалъул г1орхъи ополченцаз.

Ярагъ кодобгун, район ц1унизе рахъана -т1убарал хъи заби, тухумал, ч1ах1иял ва г1исинал.

Рехсезин цо-цо г1олохъанал ополченцазул ц1арал: Г1азаев Мух1амад, Г1алиханов Мурадис, Мух1амадов Шамиль, Усаматов Г1азиз, Гереев Г1алибек, Давудх1ажиев Мурад, Мух1амадов Х1ажи, Юсупов Г1абдумуслим, Будунов Рамазан (Москваялда яшав гьабун ругел Дудулги Качалаева Г1айнаилги вас). Хасаб реццалъе мустах1икъал руго росдал руччабиги. Гьезги г1уц1ун бук1ана, Зульфия Абакаровалъул нухмалъиялда, рагъулаб къокъа. Киназдаго лъала нилъер район ц1униялъе федералиял аскарал рач1ун рук1араблъи. Гьезие щибаб къойилаб кумек гьабуна росдал г1адамаз, хасго руччабаз. Гьез хинаб рат1лидалъун, квен-т1ехалдалъун ва цогидаб х1ажатабщиналдалъун гьел хьезарулаан.

Дол зах1матал къояз т1адег1анаб жавабчилъиялда х1алт1ана районалъул ополченцазе нухмалъи гьабулел штабалъул киналго членал.

Жидерго аслияб х1алт1и лъугьун хадуб, гьел рук1унаан хандакъахъ, г1орхъода ва г1олеб- г1олареб рахъалъул хал гьабулел.

Гьеб киналъулъго жигараб г1ахьаллъи гьабуна –Г1азаевазул, Агиевазул, Г1алихановазул, Г1аливукъаевазул, Булатхановазул, Идрисовазул, Гъанаматовазул, Шарабудиновазул, Саг1идовазул (Х1абибула, Шамсудин, Саг1ид, Висирпаша), Саг1идовазул (Маг1адин, Саг1ид), Султанбековазул, Гъанищевазул, Мух1амадовазул (Халит, Х1абиб, Ибрагьим), Темирбулатовазул, Юсуповазул, Ибрагьимовазул, Салимхановазул, Г1абдурах1мановазул, Муртазг1алиевазул, Насирдиновазул ва гь.ц. тухумаз.

Гьари буго, рехсеч1ого хут1арал ратани, т1аса лъугьаян, щайгурелъул, доб заманалдаса г1езег1анго сонал ана.

Дилим росдал ополченцазул тарихалъулъ хасаб бак1 буго, Дагъистаналъул муфтиясул ах1иялъе жаваб гьабун, Болъихъ районалъул Рик1к1вани росулъе арал г1олохъабазулги.

Ополчениялъул ***«Нилъер районалда тушманасе бак1 гьеч1о»,*** -ян гьабураб хит1аб т1олалго дилимазеги районцоязе лъугьана аслияблъун. Расулов Билалил нухмалъиялда, Ват1ан ц1униялъулъ жидерго бут1а лъуна чанахъабазги. Гьезул къадар бахана 15 чиясде.

Гьеб заманалда, районаздагьоркьосеб чанахъабазул г1уц1иялъул председатель Эмеев Дадаца, жиндего т1аде жаваб чилъиги босун, документал х1адурана 850 карабиналъе, ва гьев мустах1икълъана **«Бах1арчилъиялъул»** орденалъе.

Район ц1унулезе материалияб кумек гьабиялъулъ г1ахьаллъана –район тун къват1ирехун яшав гьабун рук1арал ракьцоялги.

Гьез рит1ун рач1ана –г1арац, кванил ниг1матал, рагъухъабазул рет1ел ва гь.ц.

Х1ажаталъуре ополченцал щвезаризе х1адур ч1ун бук1ана техникаги.

Гьединго, Дилим росдал ополченцаз г1ахьаллъи гьабуна Ц1иябЛак районалде гьабураб рагъулаб рейдалъулъги.

***И.Идрисов.***

# Баркула гъавураб къо!



Гьал къояз г1умрудул 61 сон т1убана нижер божарав гьудул, **«Чапар»** газеталъул штаталда гьеч1ев мухбир, жамг1ияв х1аракатчи, г1агараб ракь лъазабулезул цевехъан, Дилим росулъа Дадаев Мух1амад-апанди Ибрагьимович гьавуралдаса.

Редакциялъул х1алт1ухъабаз, т1олабго гьудул-гьалмагъ лъиялъ баркула Мух1амад-апандида гьавураб къо, гьарула гьесие щулияб сахлъи, халатаб г1умру ва х1алт1улъ жеги ч1ах1иял бергьенлъаби.

# Араб заманалъул хут1ел



Гьединаб ц1аралда гъоркь, 29 июлалда Алмахъ росулъ т1обит1ана фольклоралъул тадбир.

Культураялъул Централъул, Гуни, Алмахъ росабазул культуриял рукъзазул х1алт1ухъабазул х1аракатчилъиялда т1обит1араб гьеб тадбир хурхинабун бук1ана ополчениялъе 20 сон т1убаялда.

Данделъиги рагьун, ЦТКНРалъул директорасул заместитель Р.Гъанищевас гьениб бицана гьединал тадбиразул г1олеб г1ел куцаялъе бугеб к1варалъул, гьез умумузул лъик1ал г1адатал к1очене толареблъиялъул ва гьудул-гьалмагълъиялъулгун вацлъиялъул бухьенал щулалъизарулел рук1иналъул.

Гьес абуна: **«1999 соналъул август-сентябралда нилъер г1адамаз законалда гьеч1ел яргъид г1уц1аразда бихьизабуна лъиего мут1иг1лъизе гьеч1еблъи ва, умумузго г1адин, Ват1ан ц1униялъулъ жал рух1алда барахщине гьеч1еллъи. Рехсарал щущахъ риххизаруралдаса 20 сон т1убалеб буго. Гьеб к1одо гьабиялъе нижеца г1уц1ана хасаб план ва, гьелда рекъон, х1алт1изеги руго»**,-ян. Гьенир рук1арал церерахъиназул бищунго рек1ее асар гьабураллъун лъугьана **«Гъаст1абак1»** ва **«Ригьин гьаби»** абурал сценкаби.

Тадбир ахиралде щвана гьезул г1ахьалчаг1аз т1анк1ахарал рит1уч1азул фермаялде экскурсия гьабиялдалъун.

*Асият Дибирова.*

*Спорт – инсанасул сахлъи*

# Шахматал

27-28 июлалда Дилим росулъ тIобитIана,Дагъистаналъул кубокалъе гIоло, **«хехал»** шахматазул 4-аб. этап.



Районалъул бетIер XI.XI. Мусаевасул xIаракаталдалъун,цоцазда хадуб, кIиабилеб нухалъ, тIобитIулеб гьеб тадбиралда гIахьаллъана республикаялъул шагьараздасагун районаздаса 63 шахматист. Гьезда гьоркьор рукIана цIар рагIарал шахматисталги. Гьезул цоявлъун вукIана Халкъалдагьоркьосев гроссмейстер Джакай Джакаевги. Къецал тIоритIана Щвейцариялъул системаялда ва ФИДЕялъул цIиял къагIидабазда рекъон.

Гьединго, турниралда гIахьаллъизе рес букIана хIазе бокьарасул,амма гьесул 2-абилелдаса гъоркье гьечIеб разряд букIине кколаан.

Призаздалъун кIодо гьабизе букIана тIоцебесеб 12 бакI. Гьел бакIазде гьоркьоре унаан, нилъер районалъул бищун лъикI х1арал шахматисталги (инвалидал, ветераналал, руччаби, ясал, 2002-2007 соназ яги хадусан гьарурал гIолилал).

Турниралда тIоцебесеб бакI босана Руслан ХIусейновас, кIиабилеб- Руслан Мусаловас ва лъабабилеб- Камиль Гъардашевас. Гьев лъабавго ккола Мах1ачхъалаялдаса.

Нилъер районалъул шахматал хIалезда гьоркьов тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана Таслим Эсенаев, кIиабилеб бакI босана Бика ГIазизовалъ (Дилим) ва лъабабилеб бакI щвана АгахIажи МухIамадовасе (п. Дубки)

Призазулал бакIал росаразе гьенир кьуна - кубокал, медалал, грамотаби ва гIарцулал шапакъатал.

*И. БУЛАТХАНОВ*

*Дин ва г1умру*

# Хварав чи чуриялъул баян

Хварав чи чуриги гьесда мусру байги, гьесдаса жаназаялъул как байги, гьев хабалъ вукъиги, живго жинцаго чIварав чи вугониги, гьеб ункъабго жо фарзул кифаятал руго. Ай, гьев хвараблъи лъарал киналго балугъал, гIакъилал гIадамал, гIагарал, чидар батIалъи гьечIого, киналго мунагьалъулъ рукIуна, гьев, чуричIого, вукъичIого ва гьеб ункъабго жоялъул цониги жо гьабичIого тани. Гьезул цоязниги гьеб ункъабго жо тIубазабуни, киназдасаго мунагьги борхула.

Хварав чи чуриялъул бищун дагьабги, чIагояв, жинда черх чуризе тIалъарав чиясулго гIадин, черхалдасан хъублъиги тIомалде лъим щвезе толареб жоги инабун, хадуб цо нухалъ тIубараб черхалда тIагьурияб лъим, гIам гьаби буго. Хварав чи чуриялъе ният гьабизе тIадаб гьечIо, гьединлъидал жиндир ният рикIкIунарев кафурчияс чураниги, гьеб фарзул кифаят тIубала. Ният тIалъулин абулелги гIалимзаби ругелъул, гьезул хилафалдасан рахъун рукIине гьев чурулес ният гьабизе суннатаб буго. Чурулес ният гьабила гьадин: **«Дица ният гьабуна гьав хварасул фариззаяб черх чури тIобитIизе»** абун. Гьелъ , гъанкъун хварав чиги чуризе тIалъула гьев лъелъ вукIараб гIоларо.

**Хварав чи чуриялъул камилаб къагIида**

Хварав чи чуриялъул камилаб къагIида гьабизе бокьани, гьев лъела гIадамазда вихьулареб, бахчараб бакIалда ва гьесда аскIовги вукIинаро гьев чурулев чиги гьесие кумек гьабулев чиги гурони. Гьев кIиясдаго тIаде хварасул бищун цевесев гIагарав чиясеги бегьула жаниве лъугьине камураб-кватIараб жоялда валагьизе. Цинги, гьев, адабалда восун, лъела хварал чуризе хIадур гьабураб бетIераб рахъ борхатаб расаялда, мугъалда вегизавурав хIалалда.

ГIатIидаб, тIеренаб, халатаб гурде бугони, гьебги тIад тун, гьелда жанив чуризе беццараб буго, батичIони, цо тIеренаб ххамил кесек черхалда тIаде рехун, гIаврат бахчун букIунеб хIал гьабила. Чурулаго, хIажалъи ккезегIан, гьумерги бахчизе лъикIаб буго. Лъималъул кIудияб хIечгIадинаб жоялдасан лъим босун чурулев вугони чурулеб мехалъ гьеб хIеч лъела дагьаб рикIкIад, тIираби щолареб бакIалда. Лъим букIизе хирияб буго цIororaб, цIамхIалаб, ай, аслуялдаго цIамхIалаб, лъималда жаниб цIамги бан, гьабураб гуреб. Замзамалъул лъималъ хварав чи чуризе беццараб гьечIо.

ЧIартал, сапун квертIахелал гIадал, чурулеб мехалъ жинда хIажалъи кколеб кинабго жоги хIадур гьабун, аскIоб лъун, чурулев чияс хварав чи расаялда тIад нахъехун гьетIун вукIунеб хIалалъ, хIеренго, адабалда гIодов вукIинавила. Гьесул мугъалда кваранаб кверги чIвала гьелъул кIудияб килишги лъела гъванщаялъул танкараб бакIалда тIадехун, бетIер нахъехун бегулаpедухъ. Цинги чурулев чияс хварасул мугъ жиндирго кваранаб накоялдаги цузабун, гьесул чехьалда квегIаб квер бачила, лъикI цузеги гьабун, цIакъго гьесул хIурмат тараб хIалалдаги гьабичIого, цо чамалиго нухалъ чехьалда жаниб бугеб хъублъи къватIибе бачIун, гьев жанисан вацIцIалъизегIан, хадуб мусру байдал бачIун, гьелъ гьеб хъуб гьабичIого букIине. Гьеб гьабулеб мехалъ кумекчияс лъикIал махIал ругеб жо гьабун ва гIемераб гьарзаго лъим тIун, квешал махIал чIвалареб хIалги гьабила.

Хварав чи вугеб бакIалда (гьев хваравго) лъикIал махIал рахъинаризеги хирияб буго. Цинги гьев вегизавила, вукIарав гIадин, мугъалда ва чIартил квертIахелги ретIун яги цо чIортоги тIад жемун, квегIаб квералъ гьесул кIиябго гIаврат чурила. Цинги гьеб квертIахел яги чIортоги нахъе рехун, сапуналъ кверлги чурун цогидаб бацIцIадаб чIорто жемила гьебго квегIаб кверлда.

Цинги гьеб квералъул ишара килишалъ гьелда бугеб чIорто биччизеги гьабун, гьесул цаби рацIцIила чIагояс сивак бахьулеб гIадин.

**(Хадусеб бук1ине буго.)**

"Чапар" газеталъул редакциялъул х1алт1ухъабаз зигара балеб буго Марьям Атавх1ажиевалда ва т1олабго г1агарлъиялда, - имг1ал

**Мух1амадзапир**

г1умруялдаса ват1алъиялда бан.

Бетlерав редактор:
Мухтар Гlалиевич Чупалаев
тел: 55-48-94
Жавабияв секретарь:
Мухlамад-Шарип
Гlабдулашимов
тел: 55-48-95

Мухбирзаби:
Хlалимат Каримова,
Ибрагьим Идрисов,
Асият Дибирова

Фотомухбир:
Насрудин Абужанатов

Набор: Меседо Хlайбаева
Верстка: Марьям Атавхlажиева,
Зайнаб Гlабдулмуслимова.

Типографиялъул адрес:
Хасавюрт шагьар, ООО
"Типография№4. ул. Мусаева 42

Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00.
Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.

Учредитель: Администрация
МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул)
адрес: РД, Казбек район, Дилим росу,
368140,
Индекс: 51354
Заказ №274 Тираж 1100
Багьа - 8 гъур.

Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД
19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290

Макъалабазда рехсарал хlужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола